

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média audio-visual ka siswa kelas VII E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média audio-visual dina pangajaran ngaregepkeun dongéng nya éta aya 28 siswa (80%) anu meunang peunteun  $< 75$  kalawan katégori acan tuntas. Sésana nya éta aya 7 siswa (20%) anu meunang peunteun  $> 75$  kalawan katégori tuntas.
- 2) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014 saenggeus ngagunakeun média audio-visual dina pangajaran ngaregepkeun dongéng nya éta aya 20 siswa (57,1%) anu meunang peunteun  $> 75$  kalawan katégori tuntas, sésana nya éta aya 15 siswa (42,8%) anu meunang peunteun  $< 75$  kalawan katégori acan tuntas.
- 3) Ayana béda nu signifikan tina hasil rata-rata tés awal jeung tés ahir kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média audio-visual. Hasil rata-rata tés awal nya éta 63,71% ngaronjat jadi 75% tina hasil tés ahir, anu ngahasilkeun rata-rata gain 11,28%. Dumasar kana hasil data yén  $t_{itung} (6,79) > t_{tabel} (2,44)$ , hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Ieu hal nuduhkeun yén média audio-visual éféktif pikeun jadi média pangajaran dina ngaregepkeun dongéng di kelas VII E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014.

Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén media audio-visual éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas VII E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014.

## 5.2 Rékoméndasi

Saenggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan média audio-visual ka siswa kelas VII E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014. Aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun, di antarana nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Média audio-visual bisa dijadikeun salah saiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran ngaregepkeun dongéng, lantaran geus kabuktian bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa kelas VII E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014.
- 2) Média audio-visual bisa dijadikeun sarana anu éféktif dina pangajaran ngaregepkeun.
- 3) Ayana panalungtikan ngeunaan média audio-visual dina pangajaran séjén, pikeun leuwih ngabuktikeun kaéféktifan ieu média.
- 4) Pikeun panalungtik kudu leuwih asak deui dina ngararancang prak-prakan ngagunakeun média audio-visual.